



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON PLAN FINANSYE AJOU KI MONTRE GWO POZISYON FISKAL SOLID KI GEN RISK ALAVNI

2.1 milya dola nan revni depase atant ki pwojte pou chak kat premye ane plan an

Gouvènè a bay 1.1 milya dola nan rezèv ane sa a amezi varyant COVID-19 yo ap pwopaje

Risk la rete amezi varyant COVID-19 yo menase re-ouvèti ekonomik la

Gouvènè Eta New York la, Kathy Hochul, te anonse jodi a piblikasyon mizajou premye trimès la pou [Plan Finansye Eta New York](#), ki montre eta a nan yon pozisyon fiskal solid amezi kwasans ekonomik lan ap depase atant yo avèk revni ki prevwa yo pou 2.1 milya dola anplis, sa ki pi wo nan chak nan kat ane plan an. Pa konsekan, plan an ekilibre nan ane sa a ak ane k ap vini an epi eka bidjetè yo rive Ane Fiskal 2025 lan redui nan apeprè 2 milya dola.

Anba direksyon Gouvènè a, ane sa a, 1.1 milya dola nan revni siplemantè sa a prale nan rezèv epi 650 milyon dola destine pou redui prè pou pwojè investisman yo.

"Pandan sitiyasyon bidjetè eta a solid, sa ki se yon ranvèsman enkwayab konpare ak kote nou te ye ane pase, nou dwe aji avèk pridans pandan varyant Delta COVID-19 la kontinye pwopaje, menase rekiperasyon ekonomik nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou rezon sa a, m ap ranfòse rezèv eta a pou pwoteje kont ralantisman ekonomik ak nouvo depans pandan n ap kreye kapasite pou eta a satisfè bezwen enfrastrikti alavni yo, tout sa yo enpòtan pou pwoteje Nouyòkè yo ak ekonomi nou an kont ravaj pandemi an epi fè New York pwogrese".

Plan finansye Eta a, ki prevwa revni ak depans pwojè yo sou yon peryòd kat ane, pwojte tout depans fon pou Ane Fiskal 2022 a nan 209.5 milya dola, yon ogmantasyon 0.3 pousan apati Plan Finansye Bidjè ki adopte a ki pibliye nan mwa me avèk finansman federal pou soulajman lwaye ki nan 300 milyon dola plis pase sa ki prevwa ak akò travay ki antann avèk Federasyon Anplwaye Piblik. Tout resi revni fon yo pwojte nan 215.3 milya dola, yon ogmantasyon 0.7 pousan ki reflekte 2.1 milya dola nan revni ki depase atant yo.

Nan moman bidjè a te adopte, Plan Finansye a te montre yon eka nan Ane Fiskal 2024 la pou 1.4 milya dola ak 2 milya dola nan Ane Fiskal 2025 lan. Plan finansye premye

trimès ki ajou a te pibliye jodi a epi montre yon eka 247 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 a ak 1.2 milya dola nan Ane Fiskal 2025, yon rediksyon apeprè 2 milya dola sou de ane. Bidjè a ekilibre nan Ane Fiskal 2022 a ak Ane Fiskal 2023 a.

Nan ane aktyèl la, nouvo revni ki rekonèt la pral finanse 1.1 milya dola ki ajoute nan rezèv yo, sa gen ladan yon rezèv pou finanse akò travay potansyèl ak operasyon ajans yo apre rediksyon bidjè peryodik nan 10 pousan an te aplike nan Ane Fiskal 2021 an, 650 milyon dola pou redui prè pou pwojè investisman epi rès fon yo pral sipòte depanse ane anvan an pou akòz travay resan an avèk Federasyon Anplwaye Piblik.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)